


Kijan patch la fonksyone ?



- Patch la gen ladan I **òmòn pwojestin ak estwojèn** ki anpeche ovilasyon fèt (kidonk pa gen ze ki libere, pou espèm nan ta feconde), epi ki fè mikis nan kòl matris la vin pwès (sa ki anpeche espèm deplose antre nan matris la).
- Gen **de kalite patch** : **Xulane** ak **Twirla**. Pi gwo diferans ki genyen ant 2 patch yo se nan tip òmòn pwojestin, nan fòm patch, ak adezif yo itilize.
- Patch I mache pou moun ki gen **nepòt laj, ak moun yo k ap fè terapi avèk òmòn**. **Twirla** a mwen efikas pou moun ki gen kosyan ant pwa e otè ki ant 25 ak 30 (sig anglè a : BMIs 25-30). Ou pa dwe itilize okenn nan patch yo pou moun ki gen kosyan ant pwa e otè ki depase 30 (sig anglè a: BMIs 25-30).

Kijan pou w itilize patch la ?

chanje I
pa semèn

Ou dwe al **wè yon pwofesyonèl lasante** (an pèsòn, oswa nan konsiltasyon an liy), avan w kòmanse itilize patch la.

Ou dwe itilize patch la pandan tout mwa a, epi chanje I, selon nan lè yo prevwa a, pou w pa assent.

- Ou ka kole toude patch yo, sou do ou, sou vant ou, oswa sou dèyè ou, alòske **Xulane** lan, moun ka mete I tou sou pati anwo bra ou. Patch la dwe kole byen plat ; epi, li pa dwe fwote sou rad ou, tankou yon braslè.
- Mande pwofesyonèl lasante w yon preskrispson pou patch la, pou w al pran I nan famasi. Netwaye men w ak po w (pa mete krèm), epi seche yo. Dekole pati ki kouvri patch rive nan mitan, epi kole pati ki gen lakòl la sou po w. Apresa, kontinye dekale rès mwatye patch la, ki kouvri a, pou w ka kote rès patch ki gen lakòl la. Asire w patch la byen kole sou po w.
- Premye jou nan semèn nan, ou te mete patch la, se li ki jou pou w chanje I la (an anglè : "patch change day. Mete patch la pandan 7 jou suivi. Pwochèn fwa, nan jou ou gen pou w chanje patch la, w ap ranplase 1 mye patch la ak yon 2 zyèm. Pwochèn fwa, nan jou ou gen pou w chanje patch la, w ap ranplase 2 zyèm patch la ak yon 3 zyèm. Pwochèn fwa, nan jou ou gen pou w chanje patch la, w ap retire 3 zyèm patch la---pinga w retire l bonè, menm si san an te kòmanse vini. Pase yon semèn san ou pa mete patch. Pwochèn fwa, nan jou ou gen pou w chanje patch la, mete 1 mye patch, ki nan yon nouvo bwat, menm si ou kontinye ap bay san.
- Pinga w mete I legzakteman nan menm kote a, pou 2 semèn suivi, pou l pa irite po ou. Chak jou, tcheke patch la, pou asire w li pa sot tonbe, e si li byen kole. Ou pa ka mouye patch la.



Entimite ak kontwòl

- Ou dwe wè yon pwofesyonèl lasante, pou w kòmanse ak pou kontinye itilize patch la, pou lòt preskrispson ankò. Gen aplikasyon an liy (an anglè : apps) sou kote ou ka al pran yon preskrispson. Ou ka deside sispann itilize patch la poukout ou.
- Li posib pou patnè ou la wè patch ki sou ou a.
- Yon moun k ap viv avèk ou, oswa ki gen asirans ansanm ak ou, ka wè yon bòdwo asirans ou voye pou ou.
- Li posib pou yon moun wè patch ou gen sou ou an, oswa jwenn bwat patch ou yo, oswa sa ou te jete yo.
- Si gen nepòt lòt moun, k ap suiv lè ou gen règ ou, li ka remake yon chanjman, nan lè w gen règ ou.
- Patch la vini nan yon sèl koulè bèj klè, sa ki fè li parèt, lè li sou po moun ki gen ton fonse.

Lè w kòmanse ak patch la, èske I ap fè efè imedyatman ?



Lè w kòmanse ak patch la, nan espas 5 jou apati premye jou règ ou a kòmanse a, I ap ap fè efè imedyatman. Si w ap bay san, e ou pa sèten si se règ ou genyen, ou ka itilize yon metod bakòp pandan yon semèn.



Lè w kòmanse nepòt lòt lè a, patch la ap pran 1 semèn, pou l fè efè. Nan semèn sa a, itilize yon lòt metòd planin adisyonèl.

Patch la gen dwa pa apwopriye pou moun ki gen, oswa ki te gen

- Pwoblèm koagilasyon, oswa faktè ki fè w gen risk gen boul san
- Moun k ap fimen ak moun ki gen plis pase 35 kan.
- Maltèt migrèn ki vini ak siy avetisman
- Ipètansyon
- Lipis ak antikò pozitif, oswa antikò moun pa ko konnen
- Moun ki gen kosyan ant pwa e otè ki depase 30 (sig anglè a: BMIs 30+)

Lis sa a pa konplè ; kidonk pale ak pwofesyonèl lasante w la, sou sitiayson sante ou, avan w kòmanse avèk metòd sa a.




Itilize planin an ijans, si

- Patch ou a tonbe, oswa li dekole depi plis pase 24 trèdtan.**
- Si ou an reta, nan lè pou w te kòmanse ak pwochen patch la, selon enstriksyon yo (Xulane ak Twirla la gen diferan enstriksyon).**

Èske patch la bon anpil pou anpeche gwo sès ?

- An mwayèn, **7 nan 100 moun, ki itilize patch la, ap tonbe ansent chak ane.** Sa vle di li **efikas a 93%**, lè yo itilize l normalman. Itilizasyon nòmal la konsidere avèk ki fasilité yon moun ka itilize patch la. Gen patch kèk moun k ap tonbe, oswa moun yo bliye ranplase l
- Lè w itilize l pafètman byen, ki vle di ou itilize patch la kòrekteman, 1 nan 100 moun ki itilize l yo ap tonbe ansent chak ane. Li efikas a 99%.
- Gen kèk medikaman ki ka lakoz patch la pa mache twò byen.
- Pou plis pwoteksyon pou anpeche gwo sès, ou ka itilize yon lòt metòd planin ki pa tabli sou òmòn, avèk patch la.**



Efè segondè

Enfeksyon ki transmèt nan fè sèks : Yo pa p anpeche yo.

- Itilize kapòt ekstèn oswa entèn yo, pou diminye risk pou w pran tout enfeksyon ki transmèt nan fè sèks yo.

Règ : Ka afekte.

- Lè w kòmanse itilize patch la, pandan yon ti tan, ou ka bay ti san nan entèval règ ou.
- Patch la ka lakoz règ ou vin on tikras.
- Patch ka fè w prevwa pi byen, lè pou règ ou vini.

Doulè lè w gen règ : Li ka diminye

Pwa : Pa gen efè.

Akne : Ka amelyore.

Ou vin ka fè pitit ankò : Lè w sispann itilize patch la, ou ka ansent tousuit.

Kèk lòt efè segondè ki posib :

- Maltèt
- Kè plen
- Doulè nan tete.
- Doulè nan vant
- Rès adezif sou po a.
- Iritasyon po a kote patch la te kole a
- Redui ekip sentòm pil kis nan ovè a (sig anglè a: PCOS), oswa tisi anndan matris la ki soti deyò l (endometriyoz) lakòz.

Patch la ede diminye risk pou w : anemi ; epesè zo diminye (zo fennen) ; kansè nan matris, nan kouvèti anndan matris la, ak nan ovè ; maladi enflamasyon anbativant ; kist nan ovè ak nan tete ; gwo sès deyò matris ; enfeksyon nan matris, ovè, oswa twonp. ; on ekip sentòm avan règ



Itilizasyon apre akouchman

Li pa bon pou itilize patch la tousuit aprè akouchman.

Estwojèn ka ogmante risk pou w fè boul san apre akouchman. Sou 6 semèn apre akouchman, ou ka itilize patch la san danje, epi li p ap gen efè sou lèt w ap pwodui, sou bay tibebe tete, oswa devlopman tibebe.



Pran kontak ak pwofesyonèl lasante w la, si ou gen

- Doulè nan vant
- Je w vin jòn, oswa po w vin jòn (lajonis)
- Maltèt grav, oswa siy avètisman l
- Doulè nan kòf lestomak
- Boul san
- Doulè nan janm
- Doulè nan janm / janm anfle
- Britsoukou doulè nan do, oswa nan machwa avèk kè plen, ap sue, pwoblèm pou respire.

? Men kesyon pou w poze pwofesyonèl lasante w la

- Èske patch la ap soti si m ap naje ?
- Pou konbyen tan ou ka ban m yon preskripsyon ?
- Poukisa m pa ka mete l, nan menm kote a, chak semèn ?
- Kisa m dwe fè si patch la dekole ?

Tcheke yon gid sou planin, ak papye ki gen enfòmasyon sou chak metòd planin yo.

